


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode jeung téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis, téhnik talaah pustaka, jeung studi dokuméntasi, kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan, sedengkeun métode mangrupa cara utama anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kalayan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Ku kituna, dina ieu panalungtikan dianalisis jeung didéskripsikeun ngeunaan struktur novel, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan nyaéta bagan guluyurna tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Désain dina rarancang panalungtikan miboga tujuan pikeun nyangking hiji logika. Désain panalungtikan nu dilaksanakeun miboga sababaraha tahapan, saperti kieu.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Kegiatan mimiti anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tahap ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung téhnik studi dokumentasi. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan, sedengkeun téhnik studi dokumentasi mangrupa cara nu dilakukeun pikeun néangan informasi tinulis saloba-lobana, saperti buku, dokumén, jurnal, éssay, jsb. Ieu téhnik dipaké waktu néangan sumber tiori anu dijadikeun patokan atawa dasar dina ieu panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data, nyaéta

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira salaku sumber data utama anu dianalisis struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogina;
- 3) nyirian bagian-bagian nu kaasup struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira;
- 4) nangtukeun jeung ngumpulkeun data nu kaasup struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Objék nu ditalungtik nyaéta novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira anu diterbitkeun ku Balai Pustaka jeung Rahmat Cijulang dina taun 1958 jeung 1983. Sabada data dikumpulkeun, satuluyna dianalisis ngagunakeun téhnik: (1) analisis struktural Robert Stanton, (2) analisis karakteristik kapamingpinan Sunda dumasar kana naskah Sunda kuno *Sanghyang Siksa Kandang Karesian*, jeung (3) analisis ajén étnopédagogi kasundaan Hidayat Suryalaga. Éta téhnik téh mangrupa cara pikeun nyangking jawaban tina pasualan-pasualan anu ditanyakeun. Dina téhnik analisis, dilakukeun sababaraha tahapan, nyaéta

- 1) Maca jeung maham kana novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.
- 2) Nganalisis eusi novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira ngaliwatan struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogina.
- 3) Nyieun papasingan data nu dianalisis dumasar kana struktur novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.
- 4) Ngadéskripsikeun struktur novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira anu kapaluruh.
- 5) Nangtukeun karakteristik kapamingpinan Sunda jeung ajén étnopédagogi nu kapaluruh dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

- 6) Ngadéskripsikeun anu kaasup karakteristik kapamingpinan Sunda jeung ajén étnopédagogi nu kapaluruh dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira.
- 7) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah anu ditalungtik sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalayan hasil nu lengkep tur sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi dua: 1) instrumén ngumpulkeun data (tabél céklis dokuméntasi jeung tabél cutatan); jeung 2) instrumén ngolah data (kartu data). Ieu kartu data ngébréhkeun data dina wangun sempalan-sempalan carita nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira kana indikator anu baris dianalisis, nyaéta ngeunaan struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi nu aya dina éta novel.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén dina ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta ngumpulkeun buku-buku nu aya patalina jeung panalungtikan (tabél céklis dokuméntasi) sarta ngumpulkeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita (tabél cutatan).

Tabél 3.1
Instrumén Céklis Dokuméntasi Pustaka

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Kabudayaan			
2.	Sastra			
3.	Kabasaan			
4.	Umum/Pendidikan			

Tabél 3.2
Struktur (Cutatan Téma)

No.	Téma	Cutatan	Kode Data (N/É/P/KU/KC)

Keterangan:

- 1) N: Judul Novel
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) P: Paragraf
- 4) KU: Kode Urutan Data
- 5) KC: Kaca

Tabél 3.3
Struktur Fakta Carita (Galur)

No.	Pengaluran	Kode Data (N/É/KU)

Keterangan:

- 1) N: Judul Novel
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data

Tabél 3.4
Struktur Fakta Carita (Cutatan Tokoh)

No.	Tokoh	Sipat/Watek	Kode Data (É/KU/KC/P)	Cutatan	Kapanggih dina kaca

Keterangan:

- 1) É: Épisode/Bagian/Bab
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca
- 4) P: Paragraf

Tabél 3.5
Struktur Fakta Carita (Cutatan Latar)

No.	Latar	Kode Data (L/É/KU/KC)	Cutatan

Keterangan:

- 1) L (LT/LW/LS): Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data
- 4) KC: Kaca

Tabél 3.6
Struktur Sarana Sastra (Cutatan Puseur Implengan)

No.	Puseur Implengan	Kode Data (É/KU/KC)	Cutatan

Katerangan:

- 1) É: Épisode/Bagian/Bab
- 2) KU: Kode Urutan Data
- 3) KC: Kaca

Tabél 3.7
Struktur Sarana Sastra (Cutatan Gaya Basa)

No.	Gaya Basa	Kode Data (GB/É/KU/KC)	Cutatan

Katerangan:

- 1) GB: Gaya Basa
- 2) É: Épisode/Bagian/Bab
- 3) KU: Kode Urutan Data
- 4) KC: Kaca

Tabél 3.8
Data Cutatan Karakteristik Kapamingpinan Sunda

No.	KKS (Par/DP/PT/OP)	Cutatan	Kode Data (É/KKS/KU/KC/P)

Katerangan:

- 1) É: Épisode/Bagian/Bab
- 2) KKS: Karakteristik Kapamingpinan Sunda
- 3) Par: Parigeuing
- 4) DP: Dasa Pasanta
- 5) PT : Pangimbuhning Twah
- 6) OP: Opat Panyaraman
- 7) KU: Kode Urutan Data
- 8) KC: Kaca
- 9) P: Paragraf

Tabél 3.9
Data Cutatan Ajén Étnopédagogi

No.	Ajén Étnopédagogi (PA/LÉ/JB/RG)	Cutatan	Kode Data (É/AÉ/KU/KC/P)

Katerangan:

- 1) É: Épisode/Bagian/Bab
- 2) AÉ: Ajén Étnopédagogi
- 3) PA: Pengkuh Agamana
- 4) LÉ : Luhung Élmuna
- 5) JB: Jembar Budayana
- 6) RG: Rancagé Gawéna
- 7) KU: Kode Urutan Data
- 8) KC: Kaca
- 9) P: Paragraf

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Data Analisis Struktur Robert Stanton

<p>Kartu Data Analisis Struktur Robert Stanton</p> <p><i>Cutatan:</i></p> <p>Kode Data:</p> <p>Analisis:</p>

Gambar 3.1 Kartu Data Analisis Struktur Robert Stanton

2) Kartu Data Analisis Karakteristik Kapamingpinan Sunda

<p>Kartu Data Analisis Karakteristik Kapamingpinan Sunda</p> <p><i>Cutatan:</i></p> <p>Kode Data:</p> <p>Analisis:</p>

Gambar 3.2 Kartu Data Analisis Karakteristik Kapamingpinan Sunda

3) Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi	
<i>Cutatan:</i>	
	Kode Data:
Analisis:	

Gambar 3.3 Kartu Data Analisis Ajén Étnopédagogi

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data


Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakabéh carita nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira, utamana anu aya patalina jeung struktur novel sajarah *Mantri Jero*, karakteristik kapamingpinan Sunda dina novel sajarah *Mantri Jero*, jeung ajén étnopédagogi nu aya dina novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira. Data séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku sumber anu ngarojong jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung struktur, karakteristik kapamingpinan Sunda, jeung ajén étnopédagogi.

3.4.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data nyaéta subjék nu bisa dicangking. Sumber data anu digunakeun ku panalungtik dina ieu panalungtikan téh nyaéta novel sajarah *Mantri Jero* karya R. Méméd Sastrahadiprawira citakan kadua anu diterbitkeun ku Balai Pustaka, Jakarta, dina taun 1958. Kandelna ieu novel téh, nyaéta 160 kaca.

Ieu novel téh kungsi diterbitkeun dina citakan anu kahiji, nyaéta taun 1928. Saterusna, ieu novel téh diterbitkeun deui dina taun 1983 ku penerbit Rahmat Cijulang.

3.4.2.1 Identitas Novel



Gambar 3.4 Novel Sajarah *Mantri Jero*

Pangarang:	R. Méméd Sastrahadiprawira
Taun Terbit:	1928, citakan kahiji Balai Pustaka 1958, citakan kadua Balai Pustaka 1983, citakan katilu Rahmat Cijulang
Jumlah Kaca:	160 kaca
Warna Buku:	Beureum

3.4.2.2 Ringkesan Novel Sajarah *Mantri Jero*

Kacaritakeun di padusunan Nagara Tengah aya saurang jajaka katut kulawargana, éta jajaka téh katelahna Ajengan, kitu ogé warga masarakat di dinya nyarebutna téh Ajengan baé. Ajengan téh kagungan putra pameget hiji, yuswana kira-kira 15 taun, Yogaswara jenenganana. Yogaswara téh kacida dipikaasihna ku nu jadi indung jeung bapana, tapi sok sanajan miboga rasa welas asih anu kacida gedéna, Yogaswara téh teu dibiasakeun ulin kitu waé, tapi ti leuleutik geus dibiasakeun sangkan digawé jeung babantu ku kolotna. Nepi ka hiji mangsa, Yogaswara ngarasa anéh ku sagala pamolah ogé sikep anu jadi kolotna, manéhna yakin yén kolotna téh lain jalma joré-joré, tapi katurunan ménak. Ahirna dina mangsa anu tangtu, Ajengan anu jadi bapana téa ngabéjakeun asal-usul kulawargana, anu antukna Yogaswara téh yakin yén manéhna ogé bisa jadi ménak deui. Ku sabab ayana tékad anu kuat tur pangjurung ti nu jadi kolotna, katambah

manéhna geus dibiasakeun gagawé ti leuleutik tur getih ménak aya dina dirina, pamor manéhna téh geus tangtu béda jeung jalma-jalma di sabudeureunana.

Hiji mangsa, Yogaswara indit neangan pangarti pikeun diajar kumawula ka Dalem Nagara Tengah téa, bapana ngajurung lampah Yogaswara, tur méré peupeujeuh anu kudu dilaksanakeun ku Yogaswara salila kumawula jeung lalampahan. Gancang carita Yogaswara nepi ka hiji pasantrén, di éta pasantrén Yogaswara nyuprih élmu kaagamaan, nepi ka tamatna. Sanggeus kitu, Yogaswara neruskeun deui lalampahanana dibarengan ku babaturanana anu ngaranna Ki Bulus. Tapi saacan neruskeun lalampahanana, Dén Yogaswara kapentang asmara ku hiji wanoja anakna Ajengan pasantrén téa. Éta wanoja téh ngaranna Nyi Halimah. Ti dinya Yogaswara kapaksa ninggalkeun Nyi Halimah pikeun indit kumawula ka Dalem Nagara Tengah, tur jangji saupamana geus jumeneng bakal balik deui pikeun ngawin Nyi Halimah.

Yogaswara geus nepi ka padaleman Nagara Tengah, manéhna kapaké pisan dina digawéna, anu asalna dipercaya pikeun ngurus kuda ku Ki Sura, nepi ka ahirna Yogaswara diangkat jadi Mantri Jero di éta padaleman Nagara Tengah téh. Ku kituna, réa pisan anu sirik ka Radén Yogaswara, ku sabab jalma anyar tapi geus meunang kapercayaan anu kacida luhungna. Anu resepeun jeung sok mangmeunangkeun ka Radén Yogaswara mah bisa diitung ku ramo, aya kana tilu urangna, nyaéta Ki Bulus, Ki Sura, jeung Ma Ijem, tangtu ari Kangjeng Dalem mah resepeun jeung mikaasih pisan ka Dén Yogaswara téh. Anu teu resepeun téh loba pisan, sabab maranéhna ngarasa sirik ka Dén Yogaswara, kakara ogé kumawula geus diangkat jadi Mantri Jero, sedengkeun Ki Jurusimpen anu ngaranna Ki Mas Anggataruna anu geus kumawula puluhan taun teu kungsi ngalaman saperti kitu.

Hiji mangsa, Tatar Sunda hususna Nagara Tengah bakal digempur ku urang Jawa, nyaéta karajaan Mataram. Pikeun nandangan éta pasualan Kangjeng Dalem nyiapkeun sagala rupa hal, di antarana ngutus salasaurang wawakilna pikeun milu perang. Ku Sabab Yogaswara téh jalma anu hadé sagalana, ahirna manéhna diutus pikeun ngawakilan milu perang. Éta hal téh panuduh Mas Anggataruna. Padahal di satukangeun éta téh, Anggataruna mah boga niat jahat ka Yogaswara, sangkan Yogaswara gugur di médan perang, tapi Yogaswara teu nyangka nepi ka dinya.


Manéhna tetep handap asor tur ngarasa percaya kana dirina pasti bisa ngalaksanakeun paréntah ti Kangjeng Dalem téa. Ninggang kana mangsana, Yogaswara téh katétér ku musuh anu kacida réana, tapi untungna salamet kénéh. Yogaswara nyarankeun sangkan Kangjeng Dalem Pangawulaan ngungsi heula ka tempat anu rada aman, nepi ka mangsa anu ditangtukeun ku Bupati Mataram. Ahirna Pangawulaan katut para rahayatna baralik deui ka kabupatén, kalawan sarat kudu masrahkeun upeti anu mangrupa 60 lambar kulit munding, 25 pasang tanduk kijang, jeung bulu merak dina unggal taunna tur dipasrahkeun langsung ku Sultan Mataram.

Anu dipercaya pikeun nyekel kabupatian téh nyaéta Mantri Jero, atuh ku ayana hal saperti kitu, Mas Anggataruna ngarasa ambek jeung keuheul. Salila Pangawulaan lalampahan téh, Yogaswara dipercaya pikeun nyiapkeun sagala kaperluan selirna, nu ngaranna Ratnawulan. Sihoréng éta selir Pangawulaan téh adi indungna, jadi bibina. Éta hal kapanggih ku sabab Ratnawulan tatanya waé ka Radén Yogaswara. Ti saprak harita, Dén Yogaswara mineng nepungan waé ka tempatna Ratnawulan. Ku ayana kajadian saperti kitu, dimangpaatkeun ku Mas Anggataruna pikeun nyebarkeun pitnah. Manéhna ngirim surat ka Pangawulaan nu keur aya di Mataram, tapi Yogaswara mah teu apaleun ngeunaan éta perkara téh.

Waktu Pangawulaan nepi deui ka kabupatén, sakur nu aya di dinya geus dibayar ku Mas Anggataruna sangkan nyaritakeun yén Yogaswara ngalakukeun hal anu nyéléwéng jeung Ratnawulan, tapi ari Ki Bulus mah nolak, anu antukna manéhna mah diusir ti kabupatian. Pangawulaan ogé teu langsung percaya kitu waé, manéhna ogé nanya deui ka Ratnawulan, kumaha anu sabenerna, tur néangan cara sangkan éta pasualan téh bérés. Pikeun ngaréngsékeun éta pasualan, Mas Anggataruna nyarankeun sangkan Mantri Jero ulah nyahoeun kana perkara anu karandapanana, antukna Mantri Jero dibéré pancén ka leuweung, tur dibaturan ku dua urang prajurit, éta prajurit téh paréntah ti Anggataruna pikeun ngabunuh Mantri Jero, tapi gagal. Ahirna mah pikeun néangan bebeneranana, Mantri Jero dititah ngalaksanakeun hukum adat, nyaéta kudu teuleum tur ka luar deui sanggeus batok kohokna teuleum. Tina éta hukum adat téh kapanggih yén Mantri

Jero téh teu salah, antukna mah Mantri Jero salamet tur hirup dina kabagjaan, sedengkeun Mas Anggataruna meunang hukuman ti Pangawulaan.

3.4.2.3 Biografi Pangarang



(Sumber: [twitter.com @kangope](https://twitter.com/kangope))

Gambar 3.5 Pangarang R. Méméd Sastrahadiprawira

Radén Méméd Sastrahadiprawira kaasup salasaurang pangarang kasusastraan Sunda anu turunan ménak jeung kungsi sakola di sakola husus pikeun bangsawan jeung ménak. Radén Méméd Sastrahadiprawira téh dilahirkeun di Manonjaya, Tasikmalaya, dina tanggal 18 Maret 1897. Anjeunna ngantunkeun di Bandung, dina tanggal 5 Juli 1932. Riwayat atikan R. Méméd Sastrahadiprawira, kungsi sakola di HIS (*Hollandsche Inlandsche School*), nyaéta sakola pikeun bangsawan jeung jalma beunghar. Saterusna, kungsi sakola ogé di OSVIA (*Opleiding School voor Inlandsche Ambtenaren*), nyaéta sakola husus pikeun ménak (Ruhaliah, 2019, kc. 101).

Dina taun 1919, R. Méméd Sastrahadiprawira diangkat jadi *Gouvernements Ambtenaar voor Inlandsche Bestuur* (GAIB), mantuan Wadana Ciranjang, Garut. Dina taun 1921, anjeunna diangkat jadi asistén Bupati Bandung, taun 1922 jadi Mantri Pulisi di sababaraha tempat. Dina taun 1925 jadi Camat Bojongloa, taun 1926 jadi Camat di Kabupatén Bandung. Waktu R. Méméd ngajabat jadi Camat di Kabupatén Bandung, anjeunna kungsi nuliskeun *Lalakon Kanjeng Dalem Bandung Angkat Jarah ka Mekah* pikeun nohonan kapalay Bupati Bandung Radén Adipati Aria Wiranatakoesoema. Dina taun 2011, ieu buku anu ditulis ku R. Méméd téh diterbitkeun ulang jadi carita nyambung anu aya dina Majalah Mingguan basa Sunda *Manglé* (Ruhaliah, 2019, kc. 102).

Danan Darajat, 2020

KARAKTERISTIK KAPAMINGPINAN SUNDA DINA NOVEL SAJARAH MANTRI JERO KARYA R. MÉMÉD SASTRAHADIPRAWIRA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPEĐAGOGI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina taun 1928, R. Méméd Sastrahadiprawira pindah gawéna ka Balai Pustaka. Mimitina mah, Méméd téh jadi panulis utama (*hoofdredacteur 1 klas*), satuluyna jadi ahli basa (*adjunct taalkundige*), nu mangrupa jabatan pangluhurna di Balai Pustaka pikeun pagawé nu lain akademis (Ruhaliah, 2019, kc. 102).

Radén Méméd Sastrahadiprawira dipikawanoh salaku sastrawan anu réa nulis dina kasusastraan Sunda, Indonésia, jeung Walanda. Lian ti éta, karya-karya Méméd téh aya ogé anu mangrupa tarjamahan, jeung aya anu dimuat dina majalah *Jawa, Panji Pustaka, Parahiangan, Pusaka Sunda, jeung Volksalmanak*. Karya Méméd umumna diterbitkeun ku Balai Pustaka (iwal no 2, 17, jeung 18) (Ruhaliah, 2019, kc. 102-103):

- 1) *Dongéng Palukna*, (ditulis babarengan jeung D.K. Ardiwinata);
- 2) *Endén Saribanon* (wawacan), diterbitkeun taun 1923 ku MI Prawirawinata;
- 3) Gending Karesmén "*Babad Cikundul*" (1927);
- 4) *Déwi Sawitri* (1923),
- 5) *Mantri Jero* (1928),
- 6) *Ékalaya Palastra* (1930),
- 7) *Luluhur Pandawa* (1930),
- 8) *Pandawa Jajaka* (1930),
- 9) *Pandawa Papa* (1930),
- 10) *Pandawa Ngadeg Raja* (1930),
- 11) *Pandawa Diperdaya* (1931),
- 12) *Pangéran Kornél* (1931),
- 13) *Tresnaséna jeung Nyi Putri Sedihasih* (1931),
- 14) *Pandawa Kasangsara* (1932),
- 15) *Pandawa Nagih Jangji* (1932),
- 16) *Anis Aljalis* (1932),
- 17) *Lalakon Kangjeng Dalem Bupati Bandung Angkat Jarah ka Mekah* (Bandung, Vorkink, 1926), jeung
- 18) *Jodo Pakokolot* (MI Prawirawinata).

Lian ti éta, Méméd ogé narjamahkeun sawatara karangan Haji Hasan Mustapa.